

La Bib pou ti moun
prézanté

Jonas ak gwo
pwason an



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Jonathan Hay
Alastair Paterson

Adapté pa : Mary-Anne S.

Tradwi pa : Ausky Salomon


Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.


Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Sa genyen plizyè lane, te gen yon
nonm yo te rele Jonas ki t ap viv nan
peyi Izrayèl. Yon jou, Bondye te
di li pou l ale Niniv, vil ki
pi gwo ak ki pi puisan
nan mond lan.




Jonas te dwe al avèti moun ki te
rete nan vil la Bondye te konnen
yo te mechan.



Jonas te dezobeyi Bondye !
Olye pou li te ale Niniv, Jonas
te monte nan yon bato ki t
apral nan direksyon opoze a,
ki prale Tasis.




Senyè Bondye te voye yon gwo van sou lanmè a. Se
te yon gwo tanpèt ! Maren yo te pè pou bato a pa te
kraze fè miyèt moso epi koule.



Tanpèt la t ap vin pi mal tanzantan. Maren yo te pè anpil, yo te priye dye yo epi yo te voye tout bagay ki te nan bato a nan lanmè pou fè l pi lejè. Men, pa gen anyen ki te mache.



Jonas se te sèl moun ki te nan bato a ki pa t ap priye. Okontrè, li te kouche nan fon bato a, li t ap dòmi. Kapitèn bato a te jwenn li. "Kijan w fè ap dòmi ? Leve monchè ! Priye dye w la ! Petèt lè sa a, dye w la ava sonje nou epi l ava sove nou."



sètèn se mwen ki lakoz tanpèt vyolan sa a te rive."



Maren yo pa te vle
lage Jonas nan
lanmè a. Kidonk, yo
te rame ak fòs pou
yo rive sou rivaj la,
men yo pa te kapab.
Yo te gen yon sèl
bagay ki te rete
pou yo fè !




Aprè yo te fin priye pou padon yo, maren
yo te leve Jonas epi yo te lage li
nan lanmè a.
Pandan Jonas
t ap disparèt
anba vag yo,
lanmè a te kalme epi van an
te diparèt. Yo dwe te konnen
nan moman sa a se sèlman
Bondye ki te kapab fè yon
bagay konsa. Yo te pè epi
yo te sezi an menm tan,
yo te adore SENYÈ a.




Pandan tan sa a, mesaje
dezobeyisan an te
genyen yon gwo
sipriz. Jonas te
koule pou gremesi, li te
konnen pa gen anyen ki
te ka anpeche li nwaye.
Li ta dwe nwaye — men
Bondye te gen lòt
plan pou li.



SENYÈ a te voye yon gwo pwason pou vale Jonas.
Pwason an te rive a lè ! Yon sèl kou epi Jonas pa te
nan dlo a ankò men nan vant pwason an.
Jonas te rete anndan pwason an pandan
twa jou. Li te genyen anpil tan pou
l reflechi ak priye.




Aprè twa jou, Jonas finalman te fè Bondye pwomès
pou l obeyi Li. Menm kote a, Bondye te pale ak
pwason an, ki te vomi Jonas sou plaj la.



Yon lòt fwa ankò, Bondye te mande Jonas
pou l ale Niniv pou li preche bon pawòl la.
Fwa sa a, Jonas te ale ! Jonas te antre
nan vil la, pandan li t ap rele byen fò :
"Nan karant jou, Niniv pral detwi."




Abitan Niniv yo te kwè nan pawòl Bondye a. Yo te sispann manje epi yo te mete rad dèy pou yo te montre Bondye yo te regrèt peche yo. Menm wa a te bese tèt li devan Bondye. Li te desann sou twòn li, li te mete rad dèy, epi li te chita nan sann dife. Li te bay tout pèp la lòd pou yo abandone move abitud yo ak vyolans yo epi pou yo priye pou SENYÈ a padone yo.



Bondye te PADONE YO ! Se te dwe
yon bèl jounen nan Niniv lè pèp la te
reyalize Bondye te padone
yo. ... Men, te gen
yon moun ki te
fache anpil :
Jonas !





Poukisa Jonas te fache ?
Li te di Bondye : "Mwen te
konnen ou se yon Bondye
ki plen konpasyon ak
mizèrikòd, pasyan ak plen
lanmou." Alaverte, Jonas
te konnen Bondye toujou
padone moun ki regrèt
peche yo epi ki obeyi
Pawòl Bondye. Ta sanble
Jonas pa te renmen pèp
Niniv la. Li pa te vle pou
Bondye te padone yo.



Jonas te tèlman fache avèk Bondye jouk li te di :
"Kite mwen mouri. Lanmò pi bon pase lavi."



Jonas te chita deyò vil la, ap tann pou l wè sa Bondye pral fè apre sa. Senyè Bondye te fè yon plant pouse ak gwo fèy. Li te grandi byen vit epi li te bay Jonas lonbray, li te pwoteje l kont gwo solèy cho a.





Nan denmen maten, Bondye te voye yon vè ki te touye plant lan. Apre sa, Senyè a te voye yon gwo van cho ki te soufle sou Jonas jouktan li te panse li t apral mouri. Tout bagay sa yo te fè Jonas fache pi plis toujou.



Aprè sa, Senyè a di Jonas : "Èske w gen
rezon pou w fache konsa ? Ou te gen
pitye pou plant sa a, ki pa te mande w
travay. Ou pa te fè li pouse. Li
te grandi nan yon sèl nwit epi
li te mouri nan yon

sèl nwit."



"Poukisa mwen pa ta dwe genyen pitye
pou Niniv, gwo vil sa a avèk plizyè milye
moun k ap viv ladan li yo ?"




Jonas ak gwo pwason an
Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,
Nap jwen-n nan

Jonas

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130





Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

